

Rapò
Enpak Ed Imanitè apre Siklòn Matye
Ka Pòsali
Desanm 2016

Nancy Marie Sherline Saint Louis

Entwodiksyon

Ayiti, Repiblik ONG. Se konsa yon pakèt moun kalifye ti bout tè papa Desalin nan. Apre 12 Janvyè 2010, konsepsyon sa a vin ranfòse pi plis toujou avèk yon kòlonn ONG ki sòti toupatou vin pote soutyen, apwi, èd yo bay popilasyon ayisyèn nan, sitou nan Pòtoprens, Leyogán ak Jakmèl. ONG sa yo te ale nan pwovens yo tou, pou ede moun ki te soti Pòtoprens ki te ale nan kèk vil pwovens. Tranmann tè sa a te pote ale plis pase twa san mil (300 000)¹ frè ak sè nou. Fòk nou di tou, anvan 12 janvyè te toujou genyen ONG nan prèske tout kwen ak rakwen peyi Dayiti. Kidonk nan komin Pòsali ONG yo te prezan tou. Se konsa, Pwofesè Mark Schuller, yon antwopològ ameriken, kap anseye nan Inivèsite «Northern Illinois University (NIU)» Ozetazini epitou nan Inivèsite Leta peyi Dayiti patikilyèman nan Fakilte Etnoloji depi nan lane 2004. Li reyalize kèk rechèch sou travay ONG yo fè nan kèk kan nan kapital la apre 12 janvyè epi li ekri yon liv nan menm kad travay sa yo ki pibliye nan lane 2015. Tit liv la sa se « *Cette Charité qui tue : Haiti l'aide internationale et les ONG* ». Se konsa li te deside mennen yon etid sou : « *Estraji depa : enpak alontèm Ed ONG entènasyonal an Ayiti* », pou li eseye gade ki enpak, ki konsekans entevansyon èd ONG yo genyen nan kominote nan lakou peyi Dayiti.

Konsa Pwofesè Mark Schuller chwazi mennen etid sa a nan kat (4) departman epi uit (8) zòn anndan departman sa yo. Gen departman Lwès kote etid sa fèt nan Leyogán espesyalman nan Dabòn ak Sayira, nan Sidès se nan Bodwen ak Mabyal, nan Sid se nan Kanperen ak Pòsali, epi Grandans se Pestèl ak Zabriko. Lide sa vini nan yon premye tan, apre ke nan departman Lwès ak Sidès te genyen anpil dega ki te fèt avèk goudougoudou 12 Janvyè a, kòm kwa zòn sa yo ta ka toujou atire atansyon ONG yo. Lide sa a ta vini tou apre ke ta genyen yon bann pwojè ki te gen oswa ki ta gen pou fèt sou kòt Sid peyi a. Brèf, nan yon dokiman ke Ministè Touris te fè soti 20 Dawout 2009 ki genyen ladann yon plan direktè pou devlope Touris nan Sid, te pote non : « *Port-Salut, un joyau au Sud d'Haiti. Le plan d'aménagement et d'extension de la commune de Port-Salut* ». Se konsa pwojè sa a te vize konstwi bout wout ki te soti Pòsali a pou rive Pòtapiman an. Wout sa

¹ Haiti Libre: *Haiti-12 Janvier 2010 : 35 secondes d'enfer*, www.haitilibre.com, site consulté le 15 Mars 2017

tou ki se te prolonjman wout nasyonal nimewo 2 a, te fèt nan sousi pou pèmèt devlopman ekonomik ak touristik fèt nan zòn sa yo. Li te koumanse nan mwa Jiyè nan lane 2008 sou prezidans Mesye Rene G. Préval. Nan menm kad pwojè sa yo, Pòsali ak Pòtapiman te tou benefisye de pwojè amenajman wout ki soti Pòsali rive Pòtapiman an.

Boutofen, etid sa ki gen plizyè etap ladann, te demare nan premye semenn mwa Dawout 2015 pase a. Nan premye moman yo, tout ekip yo ki ozanviwon uit (8) konsa, te ale vizite ansanm teren kote nou tap gen pou nou travay yo. Men difikilte lojistik ak movèz eta wout kèk zòn tankou Pèstel ak Mabyal, te anpeche nou rive vizite kote sa yo. Apre sa, chak ekip te retounen nan zòn pa l'. Se konsa, Ekip Sid la te ale youn apre lòt nan Kanperen epi nan Pòsali, pran pwèn GPS epi anrejistre tout batiman ak enstitisyon ki enpòtan nan zòn nan tankou, lekòl, legliz, sant kilitirèl, espòtif, batiman esntitasyon prive ak piblik, pran kontak ak lameri, kèk lidè, responsab òganizasyon, kèk sitwayen epi ranmase done ki gen pou wè ak zòn nan. Se konsa etid la ta pral koumanse pran pye pou jouk jounen jodia. Nan entwodiksyon travay sa a nou eseye fè yon ti pale de kisa ki mennen nou ak etid sa a, kiyès k'ap dirije rechèch sa, ki lide ki kache dèyè l', epi kijan etid la te koumanse. Konsa, pou nou rann travay sa pi fasil pou konprann, nou eseye oganize li konsa :

1.-Nan premye pwèn an, nap pale de zòn nan, de siklòn Matye ki te pase 4-5 Oktòb la epi nap eseye pale de ansanm dega ki fèt nan kad pasaj siklòn nan dapre sa nou te obsève. Pou dega ki fèt nan komin Pòsali a, nou pa rive gen aksè ak rapò evalyasyon ofisyèl ke lameri li menm li fè.

2.- Nan dezyèm pwèn an nap eseye fè yon ti pale de metodoloji ke nou itilize pou fè travay sa a, soti nan obsèvasyon nou fè sou teren, nan done nou kolekte pandan ete 2016 la, ti vizit nou te fè 31 Oktòb pase a apre pasaj siklòn nan, mete sou yon ti ankèt ke nou te fè nan mwa Desanm 2016 ki sot pase la.

3.- N'ap pale tou de sitiyasyon dijans ki toujou la nan kominote a, gras ak sa nou obsève epi temwanyaj ke nou jwenn sou tèren.

4.- Nan katyèm pwèn an n'ap eseye tou mete aksan sou vrè bezwen popilasyon an ki pa touche apre pasaj siklòn Matye a, toujou avèk done ke nou genyen epi temwanyaj pandan ti vizit tèren nou ak ti ankèt nan mwa Desanm 2016 pase a.

5.-Nap mete aksan tou sou evalyasyon popilasyon an fè sou repons ki bay apre siklòn nan ke se swa bò kote Otorite lokal, Leta oswa ONG.

6.-Pou fini, nap eseye fè wè kèk chanjman ki fèt nan zòn nan apre Matye. Apre sa nap montre difikilte ke nou te rankontre sou teren an ak limit travay sa a. Epitou n'ap eseye fè kèk rekòmandasyon.

1.-Zòn nan

Pòsali, youn nan san karant (140) komin ke peyi a genyen, chita kòl sou kòt Sid peyi a nan departman Sid. Se li tou ki chèf lye awondisman Pòsali a ki gen ladann twa (3) komin: Anikè, Senjan di Sid epi Pòsali. Kòm pèsonaj istorik ak politik, genyen Jean Bertrand Aristide ki fèt Posali nan lane 1953, li te eli prezidan peyi a pandan de fwa: 16 Desanm 1990, li ta pral pran yon premye koudeta 30 Sektanm 1991. An Desanm 2000 li eli yon dezyèm fwa prezidan peyi a. Se konsa, li ta pral yon dezyèm koudeta 29 Fevriye 2004, sa ki ta pral lage peyi a yon lòt fwa ankò nan yon Katchaboumbe. Genyen Jean Marie Cherestal, ki te premye minis soti 2 mas 2001 rive 21 Janvyè 2002. Epitou genyen Charles R. Herard ki te prezidan peyi a tou yon 31 Desanm nan lane 1843 rive 3 Me 1844.

Pòsali se youn nan zòn kotyè peyi a, sa vle di li danse kole ak lanmè. Li fonde nan lane 1788, men li ta pral vin komin nan lane 1917. Sa vle di ane 2017 sa a ap fè Pòsali santan (100 lane) depi ke peyi a konte li pami Komin. Travay pou konstwi wout nasyonal nimewo de (2) sa ki soti Pòsali ki tap rive Pòtapiman an, te rive posib gras ak sipò finansye epi teknik Repiblik Chin, Taywann. Kidonk, sòti Okay ki se cheflye departman Sid la, pou rive Pòsali, li anviwon karant senk (45) minit². Pòsali gen depite ak majistra, epi Kazèk nan seksyon yo.

Komin Pòsali pou tèt pa li gen senk (5) seksyon kominal. Laza ki premye seksyon an, dezyèm nan se Ansadrik, men twazyèm nan pa idantifye sou katografi Pòsali, pa kont gen moun ki ta pale de Santrevil la ki ta kòm fè pati de twazyèm seksyon an, katriyèm seksyon se Babwa

²MINISTÈRE DU TOURISME, LE PLAN D'AMENAGEMENT ET D'EXTENSION DE LA COMMUNE DE PORT SALUT: PLAN DIRECTEUR TOURISME SUD, 20 août 2009, pp 1-6, <http://haiti.ciesin.columbia.edu>, site consulté le 1^{er} Mars 2017

epi senkyèm seksyon se Dimon. Anvan pasaj siklòn Matye, Pòsali te gen anpil pye bwa tankou pye lam ak pye kokoye epi resous zòn te chita sou lapèch, touris ak vetivè. Gen kèk sit kote moun te ka al vizite tankou kaskad Touyak ak anpil otèl ki sou kòt la. A kòz plaj pwent sab ki mezire anviwon kat mil (4.000m²) selon dokiman Ministè Touris (20 Dawout 2009, p.6) epi ki genyen yon sab trè fen, anpil moun tande pale de bote Pòsali oubyen konnen li ke se swa an Ayiti oubyen a letranje, atravè medya yo, entènèt, radyo trannde, oswa nan mizik ke kèk atis ayisyen chante tankou Michael Benjamin. Moun soti anpil nan kwen peyi a vini vizite, vin nan jounen lanmè la. Genyen anpil gwoup (legliz, pwofesè lekòl, relijyèz, eltariye) ki konn soti Jakmèl, Pòtoprens ak nan kèk zòn nan Depatman Sid la, eksetera. Dapre, yon notab nan zòn nan, Pòsali atire anpil touris ak vizitè pandan tout ane a sitou nan mwa desanm, lè Pak ak epi lè fèt komin nan. Apre siklòn, non Pòsali te site anpil nan medya yo, non sèlman pa rapò ak Depite komin nan ki se Bertrand Sinal, ki te entèvni tou pou ekspoze pwoblèm vil la men tou paske yo konnen ki pwa Pòsali genyen nan aspè touristik peyi a.

Genyen omwen yon chapèl Katolik nan chak seksyon yo, plis Pawas Sen Dominik nan bouk la ki li menm fete chak 8 Dawout. Genyen tou divès lòt konfesyon relijyèz tankou tanp Advantis, Temwen Jewova, Baptis, eksetera. Genyen peristil tou e pami yo nou te rive idantifye twa (3) ladan yo. Youn nan zòn Dipen ke nou te antre nan Lakou a epi fe entèvyou ak yon moun, youn Babwa epi lòt la Makaya, kote nou asiste ak yon bal Lwa youn apre lòt nan ete ak nan mwa Desanm 2016. Pòsali se yon zòn ki trè akeyan ke se swa sou plan anviwónmantal ke se se swa bò kote popilasyon an. Kòm distraksyon, te genyen yon sant lekti ak animasyon kiltirèl(CLAC) nan plèn Lafòs tou pre bouk la, ki andomaje seryèzman apre Matye, genyen tou kèk *night club*, kèk teren foutbòl (yo òganize chanpyona foutbòl sitou lè gran vakans), gen *gagè bèf* ki nan yon espas ki rezève pou sa nan Dabouz ak Babwa, epi *gagè poul* ki fèt nan anpil ti lokalite nan Komin nan.

Sepandan, vil ap fè fas kare ak lanmè a ki pa sispann avanse sou li, sitou lè lapli tonbe kote gen deboulonnay tè nan bò ki bay sou lanmè a (soti bò ti plas ki anfas Pawas Sen Dominik la rive sou pon avan antre plaj Pwent Sab), mete sou siklòn Matye ki preske pa kite kay sou bò lanmè a. Malgre ti pwoblèm ibanizasyon ke vil la genyen, sa vle di Vil Pòsali pa vreman chita sou yon plan, li pa genyen tou yon trase epi li tou long sou kòt la. Li manke kèk ensfrastrikti tankou wout, lekòl teknik ak pwofesyonèl, labank, Kès popilè, elatriye; plaj Pwent Sab manke

tou kèk estrikti tankou ekleraj, bon jan blòk sanitè, manke estrikti tou nan jan machann yo dispoze yo, kidonk yon manyè anachik. Malgre pwoblèm sa yo, Pòsali rete youn nan vil ki pi pwòp Peyi a genyen. Menm apre siklòn Matye fin pase, anpil jefò ap fèt pou vil la toujou rete pwòp, menm si wout ki mennen sou antre plaj Pwent Sab la andomaje seryèzman.

1.1.- Siklòn 4-5 Oktòb la

Sepandan, tout bote anviwónmantal sa ta pral efase avèk mouche ouragan Matye ki tap taye banda sou kòt Sid peyi Dayiti soti lannwit 4 pou rive 5 Oktòb 2016 pase a. Pou anpil sitwayen zòn nan, se premye fwa yo te wè yon fenomèn konsa. Mouche Matye pat gen respè pou pè pap. Li rache pyebwa, tèt kay, li kraze kay, li bwote bèt, moun ak tout sa li jwenn sou pasaj li al jete yo byen lwen. Sèl kay beton ki solid ki te gen yon ti konpasyon devan l'. Gen kay tòl se kèk fèy tòl ki rete sou yo. Kèk moun nan popilasyon an ke nou te pale ak yo te ban ti temwanyaj sa a :

« Sitiyasyon nou tap viv pandan siklòn nan te pi rèd ke 12 janvye nan Pòtoprens, paske gen nou pase tout yon nwit ap mouye anba grenn lapli ki tankou boul dife. Nou tap panse ak lanmò tèlman van an te vini ak fòs, nou pat kwè nou tap wè demen tank mouche Matye te dechennen. Gen nan nou tèt kay la ale se lè nou gade nou wè n'ap mouye, lè n' leve je nou nou wè syèl la. Moun pat ka soti ale pote sekou bay lòt moun nan moman siklòn nan tap ferye a, nenpòt sa li te jwenn sou wout li, li voltije yo al tonbe byen lwen. Gen moun li kraze kay yo plat epi li pati ak tou sa ki te nan kay la, men gen kay ki kraze, se volè ki dechèpiye yo paske tout tap kouri chèche yon kote pou yo abrite yo. Gen yon somè (yon gwo apatman) a ki andedan Bèlvi, kèlkeswa kote ou ye nan Pòsali w'ap ka wè somè sa a, van an bwote tout sa ki te ladan (kabann, fou, frizè..), li vide tout anba. Kounya se sèl eskelèt somè a ki rete ».

Yo fè konparezon sa a ant 12 janvye ak siklòn Matye se paske 12 janvye tè a te tranble pandan kèk segonn men siklòn nan li menm te fè tout yon sware pou rive demen nan maten ap mal mennen yo. Kidonk men si yo tout pat viv goudougoudou nan Pòtoprens, yo eseye imajine ke ka pa yo a te pi rèd. Apre Matye lapli te vi ap tonbe, sa ki te mete apse sou klou nan kominote a. Apre lapli sa vini gen sechrès, zòn nan tankou on kote dife te pase, tank pyebwa yo te seche, e sa te pemèt moun wè a klè on seri de kote ke yo pat wè anvan siklòn nan. Pa rapò ak konsta sa yo, ann al wè ki kantite dega mouche Matye fè nan Pòsali, vil tourisyik sa a.

1.2.- Dega ki fèt nan zòn nan

Pou Dega ki fèt nan Komin nan, nou pa gen done ofisyèl Lameri, se sa ki esplike nou pa ka pa di plis, men enfòmasyon sa yo se gras ak obsèvasyon nou fè epi sa moun yo te rapòte nou. Apre pasaj rafinè Matye, vil la vin etranj, defigire menm pou pwòp sitwayen li yo, tout wout la se bwa ki tap kwaze lepe yo, tout batanklan ke van an te bwote san konte kab elektrik, ranblè ke rivyè ki travèse Vil la te pote desann. Anpil kay kraze, lekòl ak otèl sitou sa yo ki pre lanmè a ak sila yo ki nan mòn yo. Agrikilti, lapèch, sektè touristik tout pran kou e blese jous nan nannan yo. Tout sa ki te fòs zòn nan, sa ki gen a wè ak resous materyèl, siklòn pote yo tout ale epi li kite anpil moun de bra balanse, anpil moun toutouni, li retire anpil timoun lekòl, li dechalbore ekonomi anpil sitwayen sitou sila yo ki tap bat dlo pou fè bè yo vin nan plis tèt chaje.

2.-Metodoloji

Kanta sa ki gen a wè ak ansanm demach ke nou itilize ki pemèt nou ranmanse yon latriye done nan kad travay sa a, nou te fè obsèvasyon dirèk, òbsevasyon patisipant, kesyonè ki genyen kesyon ouvè epi fèmèn, entèvyou ak kesyon ouvè avèk kèk lidè kominote a. Pwosesis sa te koumanse depi Ete 2015, men ankèt sistematik la te koumanse ete 2016 pase a.

2.1.-Ete 2016

Nan mwa Jen pou rive mwa Dawout, mwen menm ak yon lòt Kòlèg ki soti Ozetani, nou te pase anviwon de mwa nan kominote Pòsali a. Pandan tan sa yo, nou te rive entegre nou nan kominote a kote nou te rankontre kèk otorite lokal, kèk lidè, responsab òganizasyon lokal, notab ak anpil lòt siywayen. Nou te fè obsèvasyon dirèk, nou rive gade on seri de siy, senbòl, endikatè ki gen pou wè ak ONG yo oswa aktivite ki konsène manm kominote a. Nou te fè obsèvasyon patisipant tou kote nou te patisipe nan kèk aktivite tankou gagè bèf, gagè poul, kan dete ki te fèt nan komin nan, chanpyona vakans ki fèt nan 5^e seksyon (Dimon) ak youn ki fèt sou tèren Bèlvi (4^e seksyon), nan aktivite kiltirèl sou plaj la nan lokazyon fèt patwonan vil la. Nou te fè pase tou anviwon san (100) kesyonè ak divès kategori moun nan popilasyon an, nan diferan ti lokalite epi senk (5) entèvyou ak kèk lidè nan Babwa, Dimon epi Santrevil. Objektif ankèt sa a an gwo, se te ranmanse yon seri de enfòmasyon sou moun kap viv nan Pòsali ak relasyon ki genyen antre yo, sou rezo sosyal moun zòn nan, sou lidè yo, sou relasyon moun yo ak ONG ki tap oswa kap travay nan zòn nan, enplikasyon yo genyen nan aksyon sivik nan zòn nan, epi gade pèsèpsyon yo genyen de ONG, leta ak otorite lokal yo. Kesyonè sa a te genyen anviwon katrevan kat(84) kesyon sou pwen sa yo.

Men nan kad travay sa, nap prezante kèk done ki gen rapò ak sitiyasyon Pòsali anvan Siklòn nan. Se pou sa nap pale de yon seri de bezwen, pèsepsyon ke popilasyon te genyen anvan menm siklòn nan te frape komin nan. Pa rapò ak san (100) moun nou te kesyone, nap prezante done sa yo.

I.-Tablo bezwen nan Pòsali anvan siklòn nan anvan Matye

Ki pi gwo pwoblèm zòn nan ?

Pwoblem	Wi	Non	Total
Dlo	61	39	100
Wout	52	48	100
Kouran	47	53	100
Sante	28	72	100
Lòt pwoblèm	22	78	100
Travay	15	85	100
Inondasyon	8	92	100
Sipò pou jaden	4	96	100
Lekòl	4	96	100
Manje	3	97	100
Kredi	3	97	100
Sipò pou lapèch	2	98	100
Irigasyon	1	99	100
Vyolans	-	-	-

Sous : ankèt ete 2016

Tablo sa pèmèt nou wè anvanm pwoblèm ke popilasyon an te souliye nan ete 2016 pase a. Men nap souliye sa ki genyen pi gwo frekans ak repons wi yo, sa ki pèmèt nou wè a klè twa (3) gwo pwoblèm ki genyen nan Pòsali. Se dabò pwoblèm dlo a avèk 61 sou 100 moun ki di wi; epi 52 sou 100 moun nan popilasyon te di zòn nan gen pwoblèm wout ; pou fini Pòsaliten te di yo gen pwoblèm kouran, se 47 moun sou 100 ki te di sa.

II.-Bezwen ki pi enpòtan pou zòn nan anvan Matye

"Pami sa yo, kisa ki parèt pi devan?"					
		Frequency	Percent	Valid Percent	Cumulative Percent
Valid	Dlo	14	13.7	20.3	20.3
	Sante	4	3.9	5.8	26.1
	Lekòl	1	1.0	1.4	27.5
	kouran/ekleraj	9	8.8	13.0	40.6
	Wout	22	21.6	31.9	72.5
	Travay	5	4.9	7.2	79.7
	Inondasyon	4	3.9	5.8	85.5
	Irigasyon	1	1.0	1.4	87.0
	Kredi	1	1.0	1.4	88.4
	ankadremant/ sipò pou jaden	1	1.0	1.4	89.9
	Lòt	7	6.9	10.1	100.0
	Total	69	67.6	100.0	
Missing	-999	32	31.4		

Sous : ankèt ete 2016

Nan tablo sa a, Pòsaliten yo chwazi bezwen ki te plis enpòtan pou yo nan moman an. Kidonk, nou wè se te wout la ki te bezwen ki pi enpòtan pou yo avek 22%, dlo ki genyen yon pousanj ki reprezante 14% moun nan popilasyon ak Kouran ki genyen yon pousantaj 9%.

III.-Tablo ki montre popilasyon an kwè ke pwoblèm yo kapab rezoud

Eske pwoblèm zòn nan kapab rezoud?

Repons	Wi	Non	Pa reponn	Total
Moun ki reponn	88	2	10	100

Sous: ankèt ete 2016

Tablo sa a montre sou 100 moun ke nou te kesyone gen 88 sou 100 nan moun sa yo ki di wi yo kwè ke pwoblèm zòn nan kapab rezoud, epi 2 sou 100 moun di ke yo pa kwè, epi 10 moun pa reponn.

IV.-Tablo sou lespri pataj ki genyen nan Pòsali anvan Siklòn nan

Eske ou konn pataje avèk vwazen w'? Eske vwazen w' konn pataje ak ou tou?

Repons	Wi	Non	Pa reponn	Total
Pataje ak vwazen	90	5	5	100
Vwazen pataje ak ou	85	6	9	100

Sou : ankèt ete 2016

Tablo sa a prezante nou lespri pataj ki genyen nan Pòsali. 90 moun sou 100 di wi yo pataje sa yo genyen ak vwazen yo. Epi gen 85 sou 100 nan menm mou sa yo se vwazen ki di yo fè menm jès la tou.

V.-Tablo ki montre non òganizasyon/asosyasyon lokal yo ak aksyon yo poze nan Komonite

a

Ki aksyon òganizasyon yo oswa asosyasyon yo konn poze nan zòn nan?

Non Òganizasyon/Asosyasyon	Kalite aktivite	Lis aktivite
AJPOD/ROSCOP/CREDOPS ACE	Aktivite sosyal	Fòmasyon pou jèn yo Ede voye timoun lekòl
CREDOPS/PSAD/OJCM OCC/ Pòsali an Aksyon/Rezo Jenès Pòsali	Aktivite kiltirèl	Aktivite 18 Me Fèt Fanm Fèt Manman Fèt Papa
OJRD/Men Ansm	Aktivite espòtiv	Chanpyona foutbòl
Tèt ansanm/FDD/Caleb MOPAD/ODESOC/MOPROPS Main dans lan Main/PSAD MPB/MOPAD/OVG/UHS De Men Kontre/AJDG/OFV Lagored/Tèt Ansanm Dechoukèt	Lòt aktivite	Travay nan wout Netwayaj nan zòn nan Travay sou teren foutbòl Rebwazman Sanbilize mon pou yo pa fè bezwen yo atè Pwòpte sous

GFVD/AJDK/Tèt kole de Pòsali/CADEC/MOPJI/LEPADS OJVR/APF/MPD/OCDPS COPVIAD/GSB/MPD Fondam/MPP/AGFAKPOS		Kredi ak moun nan asosyasyon Konstriksyon sant kiltirèl Travay nan sante bèt Estokaj semans Elvaj Gadinaj bèt Fòmasyon sou sipò pou jaden Fè pepinyè Anfème tè
--	--	--

Sous: ankèt ete 2016

Tablo sa a prezante non òganizasyon oswa asosyasyon yo ak ansanm aktivite ke yo konn reyalize nan Zòn nan. Tablo sa pèmèt nou wè kijan òganizasyon lokal yo aktif nan kominote a.

VI.-Tablo sou pèsepsyon popilasyon an de otorite lokal, leta ak ONG anvan Matye

Bay twa mo ki vin nan tèt ou lè ou panse ak otorite lokal, Leta, ONG.

Otorite lokal	Leta	ONG
Otorite absan/ otorite kalewès/otorite biznis/ otorite iresponsab/ otorite pran bliye/vòlò/ mete lajan nan pòch/fè lajan apre yo fin eli/endividyalis/pa regle anyen/neglijan/bèbè/vann don/ kenbe lajan nan pòch yo/otorite kousi kousa/ Otorite pwomès initil/otoritefèb/ otoritepafyab /politizasyon /tout moun chèf /otorite lokal pa vle di anyen	Leta magouyè /irespo nsab/manke volonte, pa bay rezilta /leta patipri/ leta vòl/ò leta visye/ leta pyajè/leta absan /leta fèb/ krazèd peyi /pa gen leta/ pa travay/leta initil, zewo bare/manke vizyon/leta fè sa	Gaspiye lajan/ensatisfaksyon/fè lajan/pa pote fwi/gagòt/blanchi lajan /initil /zafè pesònèl/pwojè/globalizasyon kraze gwoup /biznis /komès/blofè/eskpòtasyon/ opòtiniteakapare /otoritè

	li vle/ leta pasif /gaspiyaj/ leta derespektan/ leta dezòd/leta neglijan/leta endividyèl/leta pòch/ leta demisyone/endi vidyalis/ leta manke/leta deprave/leta pa itil anyen/ leta pesònèl/ pa kreyatif/ leta ti fanmi/leta enjis	
Sipò/sèvis/dialog/ èd/volonte/kapasite/pwosperite/ chanjman sosyal/chanjman ekonomik/responsab/ chef/dinamik/ ajan devlopman/defansè/kominote/otorite/pw oteksyon/onèt/amelyorasyon	Mobilizasyon/an tant aranjanman/respon sab/ amelyorasyon/ solisyon/chef/ leta fò/leta konstrikatif/ travay/ sevis /dialog/èd	Ed /sèvis/devlopman/ espwa /pwojè/chanjman/ travay/ sipò /asistans/ kolektivite/ patisipasyon/ proteksyon/benefis pwogrè/inovasyon/ avansman/ankourajman/ pataj/siksè/kolaborasyon planifikasyon/solisyon/disponibilit e

Sous: ankèt ete 2016

Nan tablo sa a, nou wè kijan popilasyon Posaliten trè kritik anvè Leta Ayisyen, Otorite lokal li yo ak ONG yo. Yo plis wè Otorite Lokal yo ak Leta sou yon aspè negatif ke pozitif sitou Leta Ayisyen. Yo wè ONG yo yon ti kras pi byen ke lòt yo. Men tablo sa a pèmèt nou wè tou ke popilasyon an ap swiv avèk anpil atansyon entans sa yo.

VII.-Tablo sou kapasite Enstans sa yo pou rezoud pwoblèm Pòsali anvan Matye

Eske otorite lokal, Leta, ONG ka rezoud pwoblèm zòn nan ?

Pesepsyon moun yo	Wi	Non	Pa reponn	Total
Otorite lokal	60	33	7	100
Leta	75	18	7	100
ONG	73	13	14	100

Sous : ankèt ete 2016

Tablo sa pèmèt nou wè ke gen 60 moun nan popilasyon an sou 100 ki kwè ke Otorite lokal yo ka rezoud pwoblèm zòn nan ; 75 moun sou 100 kwè ke Leta kapab rezoud pwoblèm yo ; 73 moun sou 100 kwè ke ONG kapab rezoud pwoblèm zòn nan.

VIII.-Tablo sou nivo konfyans popilasyon an fè enstans yo anvan Matye

Eske ou gen konfyans nan otorite lokal, Leta ak ONG ?

Enstans yo	Wi	Non	Pa reponn	Total
Otorite lokal	54	35	11	100
Leta	48	46	6	100
ONG	44	14	42	100

Sous: ankèt ete 2016

Pa rapò ak kankite moun ki reponn, tablo sa a montre nivo konfyans ke popilasyon Pòsali a fè ensyans sa yo. Pou Otorite lokal yo se 54 moun nan popilasyon sou 100 an fè yo konfyans ; pou Leta se 48 moun sou 100 ki fè l' konfyans; pou ONG se 44 moun nan popilasyon an sou 100 ki fè yo kredi.

Si nou konpare done nan tablo VI, VII ak done nan tablo VIII la, n'ap wè popilasyon an pa twò pale byen de Otorite lokal yo, yo kwè yon ti kras ke Otorite lokal ka rezoud pwoblèm zòn nan epi Popilasyon an fè yo yon ti kredi; yo kritike Leta Ayisyen anpil nan done tabloVI, men yo kwè ke li ka rezoud pwoblèm zòn nan, men yo pa fè l' konfyans; kanta ONG yo menm, yo mwens kritike yo, yo kwè ke yo ka rezoud pwoblèm zòn nan tou, men poutan yo pa fè yo konfyans tou.

IX.-Tablo ki montre nivo esperans Posaliten yo anvan Matye

Eske w gen lespwa sou lavni an?

Esperans moun yo nan yon demen miyò	Wi	Non	Pa reponn	Total
Kantite moun	81	14	5	100

Sous: ankèt ete 2016

Tablo sa a pemèt nou konprann ke popilasyon Pòsali an espere kanmenm nan demen miyò pou zòn nan oswa pou peyi ak 81 moun sou 100 ki reponn wi yo gen espwa sa a.

2.2.-Ti vizit 31 Oktòb 2016

Aprè pasaj siklòn Matye sou Gran Sid la, kote Pòsali li menm tou te touche pa katastwòf sa a, nou te jije li enpòtan pou nou al founi je gade sa ki te pase. Se konsa ekip gran Sid la ki gen ladann ekip Zabriko, Pestel, Kanperen ak Pòsali, akonpaye ak Pwofèse Mark Schuller te pran direksyon kòt Sid la jou ki te 31 Oktòb la. Objektif ti vizit koutwazi sa a te wè nou menm ak je pa nou sitiyaasyon nan zòn ak moun yo apre siklòn nan, pwofite wè tou fanmi ki resevwa nou pandan vakans dete 2016 la, epitou rankontre epi fè yon ti pale ak lidè zòn yo sou katastwòf la. Pandan ti vizit sa, nou te gen opòtinite gade sitiyaasyon zòn yo ki tankou yo kote dife te pran, anpil tèt kay te ble paske yo tout te kouvri ak prela.

2.3.-Ti ankèt sou teren 19-23 desanm 2016

Toujou nan menm kad rechèch la, nou te retounen sou teren an nan semèn 19 pou rive 23 Desanm 2016 pase a. Objektif ti ankèt sa se te al gade ki nouvo lidè, òganizasyon epi ONG ki genyen nan zòn nan apre pasaj siklòn nan. Epitou ranmase kèk enfòmasyon ki konsène repons ki bay apre siklòn Matye ke se swa bò kote leta, ONG, otorite lokal yo ak lòt enstans. Nan sans sa a, nou te pase anviwon vennsenk (25) kesyonè, sa ki pa rezprezante popilasyon an, men li pèmèt nou genyen omwen yon lide sou sitiyaasyon zòn nan apre pasaj siklòn nan. Kesyon yo te anviwon yon senkantèn (50), yo sitou gen pou wè ak bezwen zòn nan apre siklòn nan, aksyon kolektiv ki

poze, aksyon ke Leta, Otorite lokal ak ONG poze nan kominote a, wòl yo jwe, kijan popilasyon an evalye travay yo fè yo; epi chanjman ki fèt nan Komin nan apre siklòn nan.

X.-Tablo ki prezante bezwen Pòsali apre siklòn nan

Ki pi gwo bezwen Pòsali?

Pwoblèm	wi	non	Total
Lojman	17	8	25
Manje	16	9	25
Dlo	12	13	25
Kouran	9	16	25
Wout	7	18	25
Sante	7	18	25
Lòt pwoblèm	7	18	25
Travay	3	22	25
Sipò pou jaden	2	23	25
Lekòl	2	23	25
Vyolans	-	25	25
Sipò pou lapèch	-	25	25
Kredi	-	25	25
Irigasyon	-	25	25
Inondasyon	-	25	25

Sous: ankèt desanm 2016

Tablo sa a pèmèt nou non sèlman wè diferan bezwen ke Pòsali genyen apre siklòn Matye men tou li fè nou wè bezwen ki pi enpòtan yo. Nan kad travay sa, nou ta vle pito souliye bezwen ki pi enpòtan oswa pi ijan pou Pòsali. Bezwen sa yo se dabò lojman: 17 moun sou 25 di se kay; 16 moun sou 25 di se manje, 12 moun sou 25 di se dlo.

Tablo sa a pèmèt nou tou fè yon ti konparezon ant bezwen Pòsali anvan ak apre Siklòn Matye. Anvan chif yo te montre nou ke se dlo, wout epi kouran; men apre siklòn nan done yo chanje, chif yo fè nou wè ke genyen yon ti chanjman nan bezwen yo. Kounya se lojman, manje ak dlo. Lojman ak manje vin yon bezwen enpòtan pou Pòsali paske siklòn Matye lakòz anpil kay andomaje oswa kraze, li lage atè anpil pyebwa ladan yo pye fwi oswa jaden yo. Men nou

dwe souliye ke chif anvan oswa apre siklòn sou bezwen nan Pòsali pèmèt nou ka di ke dlo a rete youn nan pwoblèm fondamantal Pòsali.

XI.-Tablo ki montre lespri pataj ak solidarite nan Posali

Eske vwazen w' pataje ak ou ? Eou menm eske ou pataje ak vwazen w' tou ?

Repons moun yo	Wi	Non	Pa gen repons	Total
Pataje ak vwazen	15	1	9	25
Vwazen pataje ak ou	13	1	11	25

Sous : ankèt desanm 2016

Tablo sa a montre lespri pataj ki egziste nan kominote a. Lespri sa a toujou egziste nan kominote a menm apre Siklòn nan kote genyen 15 moun sou 25 ki di yo pataje ak vwazen yo epi 1 moun sou 25 di li pa pataje. Nou wè tou, 13 moun sou 25 di vwazen yo pataje ak yo epi 1 moun di non.

XII.-Tablo ki prezante aksyon ke Oganizasyon oswa asosyasyon lokal yo poze apre siklòn nan

Ki aksyon òganizasyon/ asosyasyon yo poze apre siklòn nan ?

Kalite aksyon	Lis aksyon
Sosyal	Bay moun yo diri, pwa, lwil, prela Fè don ak kèk moun ki nan nesesite Bay kit ak kèk elèv lekòl
Kominotè	Netwayaj nan sous dlo Ede moun retire bwa sou kay yo Debare Wout Netwaye wout Ede moun ki nan difikilte

Sous: ankèt desanm 2016

Tablo sa pèmèt nou we kèk aksyon ke òganizasyon oswa asosyasyon te poze nan zòn nan apre siklòn nan. Diferan aksyon sa yo vini apre yo wè nesosite pou entèvni nan fason pa yo pou ede kèk moun epi fasilite sikilasyon nan Komin nan.

XIII.-Tablo ki montre ke moun yo kwè ke pwoblèm zòn nan ka rezoud

Eske pwoblèm ke zòn nan genyen yo kapab rezoud? Eske yo menm yo ka rezoud yo?

Moun ki repon	Wi	Non	Pa reponn	Total
Pwoblèm ka rezoud	23	1	1	24
Moun zòn nan	3	22	-	25

Sous: ankèt Desanm 2016

Tablo sa a pèmèt nou wè ke gen 23 moun sou 25 nan popilasyon Pòsali a ki kwè ke pwoblèm zòn nan kapab rezoud epi 1 moun sou 25 di non; men 23 moun sou 25 ki di non ke moun zòn nan pa ka rezoud pwoblèm yo; epi 3 moun sou 25 di wi yo ka rezoud yo.

XIV.-Tablo sou kapasite òganizasyon/asosyasyon, Otorite lokal yo, Leta, ONG pou rezoud pwoblèm zòn nan

Eske òganizasyon/asosyasyon, Otorite lokal yo, Leta, ONG ka rezoud pwoblèm zòn nan ?

Repons	Wi	Non	Pa reponn	Total
Oganizasyon/asosyasyon lokal	4	21	-	25
Otorite lokal	8	17	-	25
Leta	18	7	-	25
ONG	17	5	3	25

Sous : ankèt Desanm 2016

Tablo sa a pèmèt nou konpare kapasite enstans sa yo pou rezoud pwoblèm Komin Pòsali. Gen 4 moun sou 25 ki di wi ke asosyasyon/òganizasyon lokal yo kapab rezoud pwoblèm zòn nan kont 21 moun ki di non yo pa kapab; genyen 8 moun sou 25 ki di Otorite lokal yo kapab epi 17

moun di non ; gen 18 moun sou 25 ki di Leta kapab kont 7 moun ki di non ; epi genyen 17 moun sou 25 ki di ONG yo kapab kont 5 moun ki di non.

Sa vle di, pou popilasyon òganizasyon/asosyasyon yo pa gen mwayen nan men yo pou rezoud pwoblèm zòn nan ; Otorite lokal yo pa gen ase mwayen pou rezoud pwoblèm zòn nan paske dapre Majistra Wilson Dena ki se majistra komin Pòsali, se sèl selman bidjè fonksyonman Lameri a genyen, li pa gen bidjè envèstisman. Kanta Leta, popilasyon an kwè se volonte ki manke men li gen mwayen ; pou ONG yo tou se yo ki mwayen (lajan) pou ta rezoud pwoblèm zòn nan, men se pa sa ki fèt.

2.3.1.-Sa ki merite chanje

Kisa ki merite chanje nan zòn nan apre siklòn nan ?

Echantiyon moun sa yo ke nou te pale ak yo a panse gen kèk fason ki dwe chanje nan zòn nan tankou: kondisyon lavi moun yo; tout moun dwe jwenn èd, se pa yon sèl kategori moun ki pou pran tout; fòk pa gen kolòn nan koze èd; lekòl yo dwe rekonstwi; timoun yo dwe retounen lekòl ; wout ki bloke yo dwe debloke; leta dwe entèveni rapid pou ede moun yo reprann vi nomal yo ; dwe gen tèt ansanm ; ONG yo dwe chèche jwenn ak notab, lidè,òganizasyon yo pou distribisyon èd yo; leta dwe mete an plas yon sistèm pou komanse konstriksyon kay yo ; otorite lokal yo dwe panse ak tout komin nan ; konstriksyon dwe fèt on lòt jan; leta pa dwe tann katastwòf pou li aji; leta dwe ede paran, reyabilite plaj la ; fòk gen dyalòg ; fòk leta repanse, chanje chanje konpòtman; sispann fè ti sousou ak èd yo, sa di vle sispann chwazi moun sou figi pou yo bay èd yo.

Sous : ankèt desanm 2016

2.3.2.- Fòs ak Kapasite zòn nan

Dapre ou menm, ki pi gwo fòs oubyen kapasite zòn nan genyen?

Pou kesyon sa a, vennsenk (25) moun nou te pale ak yo a, te reponn kesyon sa a diferan fason. Gen moun ki pa reponn, genyen ki di yo pa wè fòs, kapasite zòn nan genyen, genyen tou ki di fòs yo ale apre siklòn nan. Men pou kèk lòt, fòs, kapasite zòn nan chita sou yon ansanm valè ak resous. Pou valè yo, yo mete aksan sou tèt ansanm, solidarite, linyon ki genyen nan kominote a, pasyans ak diyite yo genyen. Pou resous yo genyen ki fe fòs zòn nan se touris, plaj la ak vètivè.

Sous : ankèt desanm 2016

2.3.3.-Kijan pou ranfòse fòs / kapasite sa a ?

Pou ranfòse fos sa a, kapasite sa, valè sa yo, yo kwè ke toujou mete yo menm yo gen travay pa yo pou yo fè ki se mete tout lide yo ansanm ; toujou rete viv nan solidarite, chèche fomasyon sou sekouris; kontinye travay, mete tet yo ansanm pou pwòpte vil la. Men yo kwè tou ke leta dwe reyabilite plaj la, rekonstwi kay yo ak mache a ; ede yo fikse pri vetivè a yon fason pou yo achtel nan men nan yon pri ki ka pèmèt pwodiksyon vetivè a ogmante nan komin nan, epi ede yo jwenn plan vetivè pou yo kontinye kiltive l'.

Sous : ankèt desanm 2016

XV.-Tablo sou esperans yo nan lavni an

Èske w' gen lespwa sou lavni a?

Repons	Wi	Non	Pa reponn	Total
	22	3	-	25

Sous: ankèt desanm 2016

Tablo sa a pèmèt noun nivo esperans moun Pòsali yo sou lavni, gen 22 sou 25 moun ki gen lespwa, kont 3 moun ki pa genyen.

XVI.-Tablo ki prezante aksyon kèk Otorite lokal, Leta ak ONG fè Posali apre siklòn Matye

Ki aksyon esntans yo poze nan kominote a apre siklòn nan ?

Enstans	Aksyon poze
Otorite lokal	-yo cheche èd -yo chèche èd pou moun ki nan bezwen - debleyaj kay yo - netwayaj wout - yo pote èd bay moun ki pa kapab yo -pale nan bouch --vann diri

Leta	<ul style="list-style-type: none"> -Leta koumanse travay pou ranje kouran li bay manje lè don yo vini li pa konnen si se leta li pa wè aksyon leta li pa wè leta menm leta pa twò prezan li po ko wè leta li pa wè reyaksyon leta li entèdi konstriksyon bò lanmè a
ONG	<ul style="list-style-type: none"> -matreyèl pou kay (tòl,klou, bwa. prela) -kouvri kay -kit ijyenik -batri kizin -pwomès kay -Ed alimantè -swen sante -kanpay vaksinasyon kont kolera/ -pwomès semans -rebwazman -sipò nan debarase jaden moun -bay plant - pwomès chaloup /mote / sistèm konsèvasyon pwason /pano solèy/ batri

Sous: ankèt desanm 2016

Tablo sa a prezante reyakson Otorite lokal yo, Leta ak ONG yo nan Pòsali apre siklòn Matye. Li montre ke popilasyon wè kèk jefò ki fèt bò kote Otorite lokal yo, men kanta Leta, prezans li pa fin twò vizib nan zòn nan. Pou ONG yo, yo entèvni epi yo bay sipò pa yo.

3.-Malgre kèk aksyon ki poze nan kominote, sitiyasyon ijans lan toujou la

Lè nou voye je gade sa vle di dapre obsèvasyon dirèk nou te fè sou teren an, done nou ranmase na men kèk lidè ak kèk moun kap viv nan Pòsali, a pati de kesyonè ke nou te pase yo, sa ta kite nou kwè ak wè ke sitiyasyon ijans lan toujou la. Apre pasaj siklòn Matye sou Gran Sid, anpil dega fèt, sitou sou anviwónma an. Ou pa ta di se yon jaden kote yo fè brilaj epi yap prepare pou yo plante. Anpil kay kraze plat, genyen se tèt yo ki ale nèt, genyen se kèk fèy tòl ki vòltije. A pati de yon bilan pasyèl ke lameri Posali te rive fè nan nèf (9) zon tankou Santrevil, Ansadrik, Babwa, Dimon, Bwison, Dabouz, Makabe, Ka Vag, Wanyak, li te rive resanse kat milsan katreven de (4182) kay ki detwi ak senksan tranteyen (531) kay ki andomaje. Men, nou pa ka bay plis detay sou done sa yo paske se done sa yo sèlman lameri te dispoze nan moman nou te sou teren an. Kidonk nou pa konnen ki pousantaj chif sa yo reprezante koz lameri pa mansyone konbyen kay ki genyen an total nan komin nan. Epitou, nou pa rive jwenn jouskaprezan rapò ofisyèl ki soti lameri pou nou ta bay plis detay sou ansanm dega ki fèt nan Komin nan.

Men sitiyasyon ijans lan toujou la, paske twa pi gwo (3) bezwen enpòtan moun yo genyen nan komin nan se kay, manje epi dlo.

4.-Malgre kèk èd ki te vini, vrè bezwen popilasyon yo pa touche

Nan Pòsali, nou te ka konte sou dwèt kankite ONG ki te genyen anvan Siklòn nan. Dapre enfomasyon nou te jwenn sou teren nan ete 2016 la, se te plis UNOPS ki gen biwo l' Kapantye ki te aktif, li te konn fè pon o nivo santrevil epi Karitas ki nan Dimon ki te travay nan agrikilti ak elvaj. Apre siklòn nan, anpil ONG debake nan Komin lan, yo bay sipò nan plizyè domèn. Ann al gade tablo sa a ki ap bay nou plis detay sou ONG ki vin nan Komin Pòsali, apre siklòn Matye.

XVII.- Tablo ki montre ONG ki Pòsali apre siklòn nan ak domèn entèkansyon yo

ONG	Domèn entèkansyon
ACTED	Lasante/kit ijyenik
AVSI ak PAM	Bay kèk moun on ti Cash (lajan)
CARITAS	Materyèl pou repare kay tankou bwa ,tòl ,klou
CDM	Moun andikape
CRS	Domèn alimantè
FAO	Pwomèt pechè yo on sistèm ki pou konsève

	pwason
Gouvènman Swis	Cash for work, dlo, tòn
KWA WOUJ AYISYEN	Pwomès kay
MDM	Sante
OIM	Sansibilizasyon kont kolera
ORE	Rebwazman/cash for work
OXFAM	Bay prela
PADI	Cash for work
UMCOR	Sipò kont kolera
UNOPS	Asenisman sou plaj la ak mache piblik la
USAID

Sous : Lameri Pòsali/ ankèt Desann 2016

Tablo sa a montre ke ONG yo anpil nan Komin nan. Men fòk nou souliye, daprè enfòmasyon nou ranmase bò kote kèk notab, zòn ki pi rekile yo ak kote wout yo pa aksebib, moun sa vrèman nan difikilte. Nan paragraf ki anvan nou te souliye rezon ki fè wè ke sitiyasyon ijans lan toujou nan zòn nan. Lè nou gade diferan ONG ki entèveni yo, se vre lè siklòn nan te fenk vin pase a te genyen yon ijans prese prese men kèk mwa apre sitiyasyon ijans sa toujou la. Paske moun yo bezwen manje, dlo potab, kay pou yo dòmi paske nan vennsenk (25) moun nou te kesyone gen kenz (15) ki di se kay la ki pi ijan pou yo apre pasaj siklòn nan ak mwayen pou yo koumase reprann lavi nòmal yo te genyen avan siklòn nan.

5.-Evalyasyon popilasyon sou repons ki bay apre siklòn nan

Popilasyon Pòsali a evalye repons ki bay nan komin nan apre siklòn nan ke se swa bò kote otorite lokal yo, ONG yo, epi Leta ayisyen. Ki travay epi ki chanjman ki fèt apre siklòn nan Komin nan? Gen kèk ti jefò ki fèt apre siklòn. Pou moun kap viv nan zòn nan, travay yo wè ki fèt se anpil wout ki debare, pyebwa yo koumnase boujonnen, plaj pwent sab ak mache piblik la epi bodmè a netwaye, anpil jaden debleye sitou nan zòn Makaya gras ak ORE. Epi anpil ONG debake nan Pòsali, UNOPS vini ak lòt pwojè tankou netwaye plaj ak mache piblik. Nan Dimon, Karitas vini ak yon lòt pwojè tou, li bay materyèl pou kouvri kay.

5.1.-Evalysayon travay ONG apre siklòn nan

Kouman pèsèpsyon moun zòn nan ye de lidè ak otorite lokal, Leta epi ONG yo ?

Popilasyon an pa kwè ke Oganizasyon lokal yo ka rezoud pwoblèm zòn nan paske yo pa gen ase mwayen nan men yo pou sa, men yo gen volonte a. Pou anpil moun nan popilasyon an, ONG yo fè kont ejfò yo apre siklòn nan men yo pa touche vre pwoblèm moun yo. Èd yo dsitribiye nan dezòd, sa ki lakòz ki gen moun ki jwenn twòp genyen ki pa jwenn ditou, paske gen moun ki di yo pap janm al goumen pou yo jwenn èd ONG. Malgre sa, popilasyon an toujou kwè ke ONG kapab rezoud pwoblèm yo. Sou 10 toujou yo fè mwayen 5,73.

Sous : ankèt desanm 2016

5.2.-Evalysayon travay otorite lokal yo apre siklòn nan Pòsali

Popilasyon an toujou gen dout sou otorite lokal yo. Yo pa kwè yo ka rezoud pwoblèm zòn nan, dapre nòt moun yo bay sou 10, mwayèn pou otorite lokal yo se 4,94. Gen plizyè tandans nan Komin, moun santrevil yo plis kwè nan Depite a ke majistra a, tansdiske moun Dimon yo plis pale byen de Majistra a. Kisa ki esplike sa?

Majistra soti nan 5^e seksyon ki se Dimon, epi ta sanble se la yo te sipote l' anpil nan eleksyon an. Yo ta lonje dwèt sou lameri sitou Majistra a ki selon yo menm ta vann tèt ak prela yo. Yo pale de li tou ki ta distribiye èd yo an ti zanmi. Moun santrevil plis danse kole ak Depite Bertrand Sinal, paske yo di le gen pwoblèm nan zòn nan se li toujou entèvni. Depite a plis aktif nan bouk Pòsali a, dayè li gen biwo l' nan ri Kapwa, dèyè Legliz Katolik la (Pawas Sen Dominik). Fòk nou souliye ke de (2) Otorite lokal sa yo pa eli sou menm Pati Politik: Majistra se sou PHTK, Depite a se sou Lavalas. Kidonk de pati sa yo pa gen menm ideyoloji, sa ta ka youn nan koz ki ta ka esplike rezon ki fè pa twò gen tèt annsanm ant majista ak depite a.

Sous : ankèt 2016

5.3-Evalysayon travay Leta apre siklòn nan Pòsali

Kanta Leta Ayisyen a menm menm, popilasyon an pa kwè nan yo menm. Dapre yo, yo pa remake prezans leta menm nan zòn nan menm apre siklòn nan. Pou yo, Leta ayisyen se yon leta iresponsab. Leta fè mwayen 4,35 sou 10. Ed yo limite nan sans ke menm apre siklòn nan se pa tout moun ki rive jwenn èd ONG yo paske èd yo mal distribye, zòn ki pi rekile yo pa rive jwenn èd a koz wout ki mennen ladan yo a vin pi inaksesib apre Matye.

Sous: ankèt desanm 2016

6.-Chanjman ki fèt nan zòn nan apre siklòn nan

Kanta chanjman ki fèt nan komin nan apre siklòn nan, nou kapab wèl pozitif oswa negatif. Si pou kèk nan moun moun te pale ak yo a pa wè chanjman ki fèt nan zòn nan apre siklòn nan, men pou kèk lòt se kèk kay ki rekouvri, wout yo yo ki debare, netwayaj ki fèt nan zòn nan, epi pye bwa yo ki koumanse boujounen. Obsevasyon nou fè pèmèt nou wè eleman sa yo tou. Kèk aspè negatif nou ta kapab souliye: nou te remake li te fè cho anpil akoz pi fò pyebwa tonbe epi kèk grenn ki rete kanpe yo pat ko genyen ase fèy pou bay lonbray. Vin gen moun kap vin anba tant, lanmè vin pi pre bouk la, te genyen yon site bò mache piblik, majorite kay sa yo kraze, wout ki mennen sou plaj la vin inaksesib.

Sous : ankèt desanm 2016

7.-Difikilte ak limit travay la

Pou nou te reyalize travay sa a, nou te rankontre kèk ti difikilte. Nan ete 2016 pase a, pwoblèm nou te jwenn se te sèlman kèk moun nou te jwenn ki pat vle pale ak nou, avèk tou gen kèk kote nan Babwa ki nan mòn, nou te oblije mache anpil pou nou rive jwenn paske kay yo pa twò pre youn lòt. Genyen moun tou, anvan yo aksepte pale avèk nou, yo te vle konnen ki yap benefisye nan kad travay travay sa a, sa ke fè pran tan pou konvenk yo. Pou Desanm 2016, nou pat rive jwenn rapò ofisyèl Lameri sou dega ki fèt nan Komin nan apre siklòn Matye, sa ki fè nou limite nan ekspoze dega ki fet nan Pòsali.

Travay la gen limit li tou paske echantiyon mwa desanm nan pa vrèman reprezantatif pa rapò ak tan an ki te limite (yon semenn). Kidonk, nou pa vrèman ka fè yon konparezon ki fonde avèk done ete ak done desanm 2016.

Konklizyon

Rapò sa a sou enpak èd imanité nan ka komin Pòsali a, pèmèt nou wè, relasyon dwategòch ki genyen ant Leta/Otorite Lokal; Leta/ONG, ONG/otorite lokal. Leta pa vrèman genyen yon je fikse sou ONG yo ki anpil fwa boule lajan pwojè yo, osinon yo vini ak yon seri ti pwojè bidon, sa ki lakòz anpil pwojè yo reyalize pa pote amelyorasyon pou popilasyon. Kidonk yo pa entèvni reyèlman nan bezwen ki ta ka plis itil nan Kominote a. Apre siklòn nan, ONG yo tounen pou pi rèd, men se toujou menm tenyen an, vrè bezwen moun ki se Kay pou yo rete, manje pou yo manje, dlo potab pou yo bwè de fason pèmanan pa adrese. ONG yo plis bay yon èd ponktyèl, konjonktirèl: Kou l' cho li kwit, apre sa anpil nan yo lage Kominote a, yo ale fè wout yo. Genyen menm se bay fo espwa sèlman yo bay, apre sa popilasyon an pa tandè si yo monte si yo desann. Kanta Leta Ayisyen ki se yon Leta kalewès, pouryanis, kè pòpòz, lè sa cho, manfouben, lèpè vag, Leta wòch nan dlo, pa mete mwayen nan men Otorite lokal yo pou travay pou ede Komin nan vanse pi douvan. Sepandan, « Grès kochon an kapab kwit kochon an », sa vle di Pòsali genyen kèk resous natirèl (Plaj, Kaskad...) ki ka ede l' leve eskap figi l'.

Rekòmndasyon

Apre siklòn Matye, Leta Ayisyen ak Otorite Lokal yo ta dwe gen pou devwa mare sosis yo ansanm pou yo wè nan ki mezi yo ta ka rann Komin Pòsali nan, ki se yon vil Touristik, bèl, akeyan kote moun yo renmen pataje sa yo genyen sitou ak moun vini, yon lòt figi. Pou sa n'ap eseye fè yon ansanm rekòmndasyon, dapre moun nou te pale ak yo a, ki ta ka itil tankou :

ONG dwe yo:

- Pote yon seri de pwojè altènatif ;
- Diskite ak lameri epi òganizasyon lokal yo lè yo gen pwojè pou zòn nan ;
- Chèche konnen bezwen zòn nan epi entèvni ladan li oswa yo dirèkteman
- Travay ak òganizasyon, Otorite lokal yo nan pwojè dirab pou chanje eskap figi Pòsali
- Rekrute kèk ajan, kèk lidè kominotè, fòme yo sou sekouris (ONG ki gen konpetans nan sa)
- Lè gen Katastwòf, se pou ONG bay èd yo lameri, li menm pou l' fè distribisyon bay moun yo, paske se li ki konnen popilasyon an epi zòn nan.

- ONG yo dwe kenbe pwomès yo (pou sila yo ki bay popilasyon an espwa, epi si yo wè yo se jodia, yo mawon)

Otorite lokal yo dwe:

- Defini yon plan ibanizasyon pou vil Pòsali kote enfrastrikti de baz yo ap taye banda
- Yo dwe pi djanm, gason kanson nan desizyon, vizyon yo gen pou komin nan
- Repanse sou jan yap aji (pa aji tankou koukouy, krab)
- Mete tèt ansansm , kolabore pou zòn nan evolye
- Chèche èd pou jwenn plantil ak bèt, nan lide pou ede moun yo refè vi yo
- Chita ak popilasyon an nan dyalòg
- Jwenn ak lòt enstans ki deja nan komin nan
- Lè gen katastwòf natirèl chita ak sitwayen zòn nan pou distribye èd la pou tout moun ka jwenn
- Etabli yon plan distribisyon, pou èd yo pa distribye yon sèl kou, apre sa pou popilasyon pa ap gade san pran

Leta dwe:

- Gen yon plan rekonstriksyon, rebwazman pou Komin nan
- Konstwi kèk abri pwovizwa ak tout enfrastrikti nesèsè ki ka reponn lè gen katastwòf natirèl
- Chèche yon espas ki pa ekspoze a danje pou sa
- Amenaje Wout ak Plaj Pwent Sab
- Mete entèdiksyon pou moun ki bò lanmè yo pa rekonstwi la
- Pran responsabilite l'apre siklòn nan
- Bay komin nan yon sistèm irigasyon
- Fè Sansibilizasyon sou konstriksyon antisismik ak siklonik
- Reyaji vit apre nenpòt katastwòf
- Konnen pwen fò ak pwen fèb chak rakwen nan peyi
- Mete lòd nan èd yo
- Gen yon pwojè a lon tèm pou gran Sid la
- Kreve yon pwogram sosyal pou ede moun ki pi pa vilnerab yo

- Fè santi prezans li jan konstitisyon an mande sa nan tout rakwen peyi a